



The global fund for education in emergencies

KOMINIKE LAPRÈS

Fon Edikasyon Pa Ka Tann lan anonse yon sibvansyon 11 milyon dola ameriken pou soutni epi pouse pwogram pou rann Ayiti vin Djanm sou plizyè ane a

Se UNICEF ak PAM nan tèt kole ak Gouvènman Ayisyen an ki mete nouvo sibvansyon sa sou pye. Nouvo sibvansyon an gen objektif pou li deklannche 16.7 milyon dola ameriken pou finansman anplis ki ap pèmèt pwogram lan rive touche 45,000 timoun ak adolesan kriz peyi a afekte.

Pou reponn a kriz imanitè k ap vale teren an Ayiti a, **Nan dat 3 Oktòb 2022, nan vil Nouyòk – Fon Edikasyon Pa Ka Tann lan ([ECW](#) an anglè) anonse yon Pwogram Rezilyans sou Plizyè Lane ki gen objektif mobilize 16.2 milyon dola ameriken anplis pou yo rive touche epi sipòte 45,000 timoun ak adolesan ki nan gwo bezwen pou yo al lekòl.**

Pwogram sou twa lane sa a se [UNICEF](#) ak Pwogram Alimantè Mondyal ([WFP](#)) nan tèt kole ak Gouvènman Ayisyen an ak patnè lokal yo ki mete l sou pye. Fon Edikasyon Pa Ka Tann lan te gentan fè yon premye seri envestisman pou 1.5 milyon dola ameriken, lajan sa a te depanse nan [Premye Entèvansyon Fas a Sityasyon Dijans lan](#), sa ki bay yon total envestisman ki vo 13.3 milyon dola ameriken jiska dat.

"Ayiti ap travèse yon pakèt kriz pandan lane sa yo, kriz sa yo lakoz timoun yo ak adolesan yo pa ka jwenn aksè pou yo kontinye resevwa bonjan edikasyon kòmsadwa. Nou pa ka ret gade sa konsa. Sa se kontribisyon nou, pou nou ba yo yon mwayen pou yo rekonsenti lavi yo nan peyi a. Aprè mobilizasyon pou premye envestisman sa a, Fon Edikasyon Pa Ka Tann lan ansanm ak patnè estratejik li yo lanse yon apèl bay bayè yo, sektè prive ak fondasyon imanitè yo pou yo fin finanse pwogram edikasyon san parèy sa a. Aksyon sa yo ap pèmèt tout angajman nou te pran nan Somè Transfòme Edikasyon an vin yon reyalite. Somè sa se Sekretè Nasyonzini an ki te òganize l mwa pase a nan vil Nouyòk. Sa se yon opòtinite pou nou fè vizyon yo tounen aksyon," daprè Yasmine Sherif, Direktris Fon Edikasyon Pa Ka Tann lan, ki se yon fon mondyal Nasyonzini pou edikasyon nan peyi ki gen ijans ak kriz ki dire anpil tan.

Ayiti fè pati yonn nan peyi ki mwens devlope nan monn lan, selon [Endèks Developman moun](#) ane 2020 an, sou 189 peyi, Ayiti vini an $170^{zyém plas}$. Kriz sosyal ak politik mete ak katastwòf natirèl tankou tranblemanntè 2010 la ak 2021 an – vin jwenn ak enpak kriz klimatik la mete sou pandemi maladi Kowonaviris la – tout sa yo kreye yon kokennchenn obstak kont edikasyon ak developman peyi a.

7 ayisyen sou 10 ta dwe nan lekòl primè, sèlman 60% nan yo gen aksè a nivo preskolè epi sèlman 15% gen posibilité pou yo ale nan segondè. Pifò lekòl nan peyi a se lekòl prive, sa vin rann li pi difisil pou fanmi ki pa gen lajan yo ak sa ki deplase yo gen aksè pou bay timoun yo bon jan edikasyon. Plis pase mwatye lekòl nan peyi a pa gen ni dlo ni twalèt epi 75% nan yo pa gen kouran.

"Pwogram Rezilyans ki chita sou plizyè lane sa a sipòte majorite gwo tematik plan nasyonal edikasyon ak fòmasyon 2020-2030 lan. An reyalite, li sipòte Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) nan bay elèv ki touche ak kriz yo bon jan edikasyon san patipri ki reponn ak bezwen yo. Toujou sou menm prensip edikasyon rete yon dwa fondamantal de baz tout moun genyen an ki ta dwe respekte, MENFP vle garanti tout timoun jwenn menm dwa san patipri pou yo ale lekòl. Nou felisite ECW epi nou remèsyé I dèské I mete fon sa disponib pou ranfòse sistèm edikasyon ayisyen an nan zòn ki plis nan bezwen yo. Nou ankouraje patnè teknik ak patnè finansye yo mete lòt fon anplis disponib pou sipòte finansman Pwogram Rezilyans ki Tabli sou Plizyè Lane a. Konsa, y ap asire yon demen miyòpou pitit gason ak pitit fi peyi a," selon Doktè Hervé Boursiquot, Direktè Jeneral Biwo Nasyonal Patenarya pou Edikasyon an.

Premye vèsman fon an ap touche plis pase 20,000 tifi ak ti gason nan 35 komin. L ap ba yo bon jan edikasyon kòmsadwa, ak tout kantin, soutyen sikolojik pou asire sante mantal yo. Pwogram ki tabli sou plizyè lane sa a ap fokis sou kesyon ekite ant fam ak gason ak enklizyon moun k ap viv ak andikap epi li ap ranfòse kapasite sistèm edikasyon nasyonal la pou li planifye, siveye, kowòdone, finanse ak bay bon jan kalite edikasyon pou li ka reponn ak bezwen timoun ak adolesan kriz peyi a afekte.

Ak finansman anplis lan, pwogram lan ap touche anviwon 45,500 timoun ak adolesan ki nan laj 3 a 18 lane. Pwogram lan ap kouvri tout klas yo, soti nan kindègadenn pou rive nan konpetans pwofesyonèl lakay adolesan yo epi li gen ladan tou lekòl segondè pou jèn tifi an menm tan ak lòt lekòl pwofesyonèl ki pa fòmèl. Tifi ak ti gason gen bezwen ki varye epi ki diferan, ni adolesan tou ansanm ak timoun k ap viv ak andikap yo, pwogram lan pran angajman pou li fè yon entèvansyon ki global epi ki adapte tou, yon fason pou li asire tout timoun ak adolesan jwenn aksè san danje a bon jan edikasyon ansanm ak byennèt fizik ak mantal.

Mondyalman, gen apeprè 222 milyon timoun ak adolesan ki touche atravè kriz nan peyi yo epi ki nan bezwen ijan pou yo resevwa sipò pou edikasyon. Moun ki ta renmen fè yon diferans ka rantre an kontak ak lidè yo pou yo poze yon aksyon, nou ka itilize achttag [#222MillionDreams](#) 🌟 epi [fè yon don](#) bay ECW.

Aprann plis

- [Edikasyon Pa Ka Tann an Ayiti](#)
- [Pla Cho Nan Lekòl yo Ede Timoun yo Apre Tranblemannè a](#)

###

Nòt pou Editè yo

Kisa ki Edikasyon Pa Ka Tann lan (ECW an Anglè):

Edikasyon Pa Ka Tann ([ECW](#)) se yon fon mondal Nasyonzini mete sou pye pou bay edikasyon nan peyi ki gen ijans ak kriz ki dire lontan. Nou sipòte tout timoun, tifi ak ti gason ki refijye, ki deplase oswa ki afekte atravè lòt kriz, nou ba yo tout sipò ak bon jan edikasyon, yon fason pou nou pa kite onkenn moun dèyè. ECW travay ak yon sistèm ki konekte ak plizyè òganizasyon pou li alafwa ogmante rapidite repons fas ak kriz yo epi konekte sekou an ijans yo ak entèvansyon alontèm yo atravè pwogram ki chita sou plizyè lane. ECW travay tèt kole an

patenarya ak gouvènman yo, donatè prive ak piblik yo, ajans Nasyonzini yo, òganizasyon nan sosyete sivil yo, ak lòt aktè imanitè ak devlopman ki ka bay èd pou ogmante efikasite epi fini ak entèvansyon izole yo. ECW lanse yon apèl ijan ak donatè sektè piblik ak sektè prive yo pou yo bay plis sipò, yon fason pou yo ka rive touche menm timoun ki nan sitiyasyon ki pi difisil yo. Edikasyon Pa Ka Tann gen yon Konferans sou Gwo Finansman li ap fè, konferans sa se Peyi Lasuis ak ECW ki ap ebèje li epi se Lalmay, Peyi Nije, Lanòvèj ak Sidan Sid ki ap patisipe ladan I, I ap fèt Jenèv soti 16 rive 17 fevriye 2023.

Sou Twitè, tanpri suiv: [@EduCannotWait](#), [@YasmineSherif1](#), [@KentPage](#)

W ap jwenn plis enfòmasyon sou: www.educationcannotwait.org

Pou kesyon laprès:

Anouk Desgroseilliers, adesgroseilliers@un-ecw.org, +1-917-640-6820

Kent Page, kpage@unicef.org, +1-917-302-1735

Pou lòt kesyon: info@un-ecw.org